# TEGTALU WAAJAL NJABOOT GI



## Luy Waajal Njaboot?

- Waajal njaboot mooy ñu njëkka def ay pexe ci wàllu yoon, xaalis ak toppatoo doom. Kon su amee kuñu jàpp wala ñu déporté ko, dañuy aar ay doomam, ay mbokk ak ay mbir yu am solo.

## Lu tax mu am Solo?

- Ku waajalul, njaboot gi mën na jànkoonte ak jafe-jafe yu gëna rëy —mën na am xale yu tàqaloo ak seeni waajur, mën nañu baña am xaalis buñ denc, wala nit ñi ñu bëgg mën nañu baña mëna jëfandikoo sistem bi. Doon te benn waajal mënul dindi risk yooyu, Waajal Njaboot dafay jox ñi ñu bëgg ay leeral ak jumtukaay yu am solo ngir ñu mëna aar seen biir.

## Xam say Yelleef

- Xam say yelleef ak ni ñu leen di jëfandikoo ak kañ lañu leen wara jëfandikoo mën nala jàppale moytu ñu tëj la. Xam leen lu gëna barefii.

Xam Sa Yellef Tegtal

## Seetal Jokkoo Jàmpteef

- Ki ngay jokkoo ak moom ci jamonoy jampteef dafa wara nekk mag boo wóolu, nga xam ni dina gaaw ci def dara su amee lu la dal. Dafay baax nga xoolaat tolluwaayu immigration aju ci ki ngay jokkoo. Sudee itam mën nañu leen jàpp, amaana duñu nit ñi ñu wara def weeruwaay. Nga bàyyi sa xel ni mën nga am lu ëpp benn jokkookaay ci jampteef, loolu dina tax nga mëna tànn sa bopp ak aar bu gëna bari sudee benn nit amul soo ko soxlaa. Fexeel nga xam ndax ki ngay jokkool su jampteef amee mën na gaaw jël telefon bi. War nañu am sa A#, bisu juddu, ak réew mi nga cosaanoo ngir mëna gis fi nga nekk ci sistemu kaso bi. Ci suuf amna misaali wareef yiñ gëna faral di am ci jokkool ak jafe-jafe:
- Dajaleel say këyit yu am solo.
- Yegalal sa waa kër.
- Jokkoo ak awokaa immigration nga joxe say këyitu kaaraange.
- Yegalal sa patroŋ.
- Toppatoo say baayima ak say mbir yu la soxla ci kër gi soo nekkee ci kër gi.
- Toppatooll say doom
- Toppal sa xaalis.



Lanmooy ab A#

## Wut Kuy Toppatoo Say Doom

- Li leer mooy ICE dafay faral di tàqale xale yi ak seeni waajur. Soo njëkkee wax sa doom ki lay toppatoo, loolu dina tax doom yi gëna am wërsëg am toppatoo doonte dangeena tàqaloo. Benn ci formileer yi gëna yomba may la nga tànn kenn ku lay toppatoo mooy Formileer Designation Parental (OCFS-4940), muy may nit ki nga tànn mu mëna def ay soxla yu njëkk ci wàllu njàng ak pajum, lu melni jël xale ci ekol wala yóbbu ko ci randiw doktër. Waajur yi dañuy tëye seen yelleef yépp suñu siñe këyit bii.

## Seetal sa Kaa

- Mën seete ci sistem àttekaay. Xool acis.eoir.justice.gov wala nga woo (800) 898-7180 joxe sa A# ak réew cosaanoo ngir firndeel bisu àttekaay ngir xam déporté am na.

Ndigalu Déporté?

NYIC

*This guide is for informational purposes only. It is not legal advice. If you have questions about your rights, your family situation, or your immigration case, you should speak with a qualified immigration or family law attorney, or an accredited representative.*

NEW YORK STATE | Department of State Office for New Americans

New Americans Hotline: 1-800-566-7636 Monday – Friday, 9 AM–8 PM EST MULTI-LINGUAL AND CONFIDENTIAL

# TEGTALU WAAJAL NJABOOT GI

## Defar say Këyit




- Defar ay kopi yu bari ci say këyit yu am solo yépp. Sosal ay kopi numérik ci këyit yooyu itam (mën nga foto këyit yu am solo yi ak sa telefoon).
- Denc orginaal yi ak benn kopi physique ci barab bu wóor.
- Defal ay kopi këyitu say doom nga fexe ba ñu mëna jëfandikoo leen, lu ci melni dugal leen ci benn dosiye ci sac à dos u doom yi.
- Soo bëggee wane ab këyit poliis, moytu jox sa telefoon, ndax mën na am ay leerali bopp yu ëpp li nga bëgga joxe.

## Wutal Këyitu Tukkib sa Réew

- Sudee mën nga ko def te mu wóor, mën nga ñaan passport wala këyitu tukki ngir yaw ak say doom. Loolu mën nala jàppale ci tukki bi, te mën nala moytu nga am jafe-jafe sudee danga bëgga génn Etats Unis. Waaye ci ñenn ñi, lu ci melni ñiy sàkku asile, am wala yeesal seen paspoor mën na nekk lu jafe. Waxtaan ak ki lay xelal ci wàllu yoon balaa ngay jël dogal bii. Soo bëggee gëna xam ni ñuy amee këyitu tukki ci sa réew, danga wara jokkool ak sa konsulaa wala nga dugg ci seen daluweb.

## Doxalal Jot ci Xaalis

- Denc sa xaalis ci kontu bànkeer, gën ci weeru ci xaalis. Soo nekkee kaso, amaana danga soxla xaalis ngir woo nit ci telefon wala ngir jënd mbir yu la soxla.
- Fexeel ba sa kontu bànkeer lëkkaloo ak kàrt debit suko defee nga — wala kenn ku nga wóolu — mën nga dindi xaalis ci saa si soo ko soxlaa, doonte dafa nekk ci bitim réew.
- Fexeel nga mëna jot cii bànk ci net bi bu njëkk. Kon di nga mëna jëfandikoo sa xaalis ci fu sori.
- Mën nga itam yokk nit ku nga wóolu ci sa kontu muy boroom kontu bu ñu bokk, suko defee sa waa kër mëna am xaalis bi sudee mënoo ko.
- Dajale xaalis saa yu ko mënee — ba ci xaalis bu ndaw ngir jafe-jafe mën na indi coppite bu rëy.

## Xalaatal Waajal yii Formuleer yi



- Leeral yu am solo ci Yaw
- Leeral yu am solo ci sa Doom  Ndigal ngir Jël xaalisu Sek
- May xale bi mu tukki  Wattu Xaarandi
- Formuleer Tànneef bu Waajur
- U.S Laaj Paaspoort ngir Xale

Soo bëggee gëna xam ci formileer yii, xoolal sunu Tegtalu Njaboot gi Formileeru Waajal.

## Lu àjju ci wallu noteer Fàttaliku

- Yenn formileer yi dañuy laaj nga dem ci noteer. Ci Etat bu New York, njëgu noteer bi mingi yam ci $2 ci siñaatiir bu nekk. Mbokk yi mën nañu am notaire ci bibliotek publik yi, bànk yi, yenn buro UPS wala FedEx, ak Walgreens. Danuy ñaax njaboot gi ñu moytu njuuj njaaj: noteer yi ci Etats Unis duñu awokaa te mënu ñu joxe xalaat ci wàllu immigration.

NYIC

This guide is for informational purposes only. It is not legal advice. If you have questions about your rights, your family situation, or your immigration case, you should speak with a qualified immigration or family law attorney, or an accredited representative.

NEW YORK STATE Department of State Office for New Americans

New Americans Hotline: 1-800-566-7636
Monday – Friday, 9 AM–8 PM EST
MULTI-LINGUAL AND CONFIDENTIAL